

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa nya éta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi (Sudaryat, 1991: 1). R.H.I. Buldan Djajawiguna jeung R. Momon Wirahadikusumah dina bukuna *Kandaga Tatabasa Sunda* (1967: 5) nétélakeun yén basa nya éta alat anu dipaké ku manusa pikeun ngedalkeun eusi haténa, diwangun ku réntétan sora anu geus ditangtukeun éntép seureuhna ku masarakat anu maké basa. Jadi, anu dimaksud basa nya éta alat salaku pakakas ucap manusa pikeun komunikasi antaranggota masarakat panyaturna. Kamampuh ngagunakeun basa bisa dihasilkeun ngaliwatan prosés diajar ngajar.

Prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP mangrupa salah sahiji cara pikeun ngaronjatkeun kualitas Sumber Daya Manusia (SDM) dina kaparigelan ngagunakeun basa Sunda. Prosés diajar ngajar mangrupa kagiatan anu penting sabab dina prosés diajar siswa ditungtut pikeun ngawasa pangaweruh, kaparigelan, jeung sikepna nu robah jadi leuwih hadé, hal éta luyu jeung anu diébréhkeun ku Syaiful Bahri & Aswan Zain (2002: 11) yén

diajar mangrupa prosés robahna prilaku lantaran ayana pangalaman jeung latihan. Hartina, tujuan kagiatan diajar ngajar nya éta robahna prilaku anu aya patalina jeung pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep.

Pikeun sawatara siswa di Indonésia diajar nulis mangrupa hal anu dianggap hésé, sabab ayana sababaraha hal di antarana, téori nu ditepikeun ku guru jeung topik tulisan. Luyu jeung pamadegan Khaerudin Kurniawan, salah sahiji mahasiswa jurusan bahasa di Universitas Negeri Yogyakarta nétélakeun yén:

“Menulis bukan pekerjaan yang sulit melainkan juga tidak mudah. Untuk memulai menulis, setiap penulis tidak perlu menunggu menjadi seorang penulis yang terampil. Belajar teori menulis itu mudah, tetapi untuk mempraktikkannya tidak cukup sekali dua kali. Frekuensi latihan menulis akan menjadikan seseorang terampil dalam bidang tulis-menulis.”

Ku ayana pangajaran basa, hususna aspék pangajaran nulis dianggap penting boh ku panulis boh ku siswa. Dumasar kana pamanggih jeung pamadegan di luhur, panulis nyindekkeun yén nulis téh penting pisan sabab nulis mangrupa alat pikeun ngébréhkeun atawa nepikeun pangrasa, maksud, pikiran, jeung pangalaman ngaliwatan basa tulisan jeung simbul-simbulna salaku robahan tina basa lisan. Pangajaran basa, hususna dina nulis bisa ngaronjatkeun kaparigelan komunikasi, boh sacara lisan boh tulisan.

Basa tulis bisa dipaké pikeun nepikeun informasi ti hiji jalma ka jalma séjén nu mangrupa katerangan, wawaran, paménta, pamadegan jeung pikiran. Wujud nyata tina basa tulis nya éta surat. Ieu hal saluyu jeung pamanggih Abud Prawirasumantri, spk. (1989: 9) dina bukuna *Serat Sinerat Basa Sunda* nu nétélakeun yén surat téh mangrupa sarana pikeun nepikeun informasi atawa

wawasan anu ditulis (biasana dina kertas) ka pihak séjén, boh minangka wawakil diri, boh wawakil organisasi. Informasi atawa wawaran bisa mangrupa katerangan, laporan, gagasan, paménta atawa pikiran.

Basa nu dipaké dina surat kudu hadé tur bener pikeun kalancaran tatali marga atawa silaturahmi antara nu ngirim surat jeung nu dikirim surat. Jadi basa téh kudu bener larap kecap jeung pakeman merenah ungkapan kalimahna, undak-usuk basana, jeung saluyu kana palanggaran éjahan sarta aturan tata basa. Hal ieu ditétélakeun ku pamanggih Abud Prawirasumantri (1989: 61) anu unina sangkan surat henteu nyimpang tina tujuan komunikasi nya atuh basana kudu merenah, undak-usukna merenah, ninggang dina tatakrama, ungkapan kalimahna udu tartib, puguh éntép seureuhna, larapna kecap kudu merenah, luyu jeung tempatna.

Pangajaran nulis di sakola mangrupa lajuning laku tina tarékah ngaraksa jeung ngariksa basa Sunda pikeun nyitak lulusan nu ngabogaan pangaweruh, kaparigelan jeung sikep nu hadé ngeunaan pangajaran nulis, hususna nulis surat pribadi ngagunakeun basa Sunda.

Luyu jeung masalah nu geus dipedar saméméhna, panalungtik miboga kahayang pikeun ngayakeun panalungtikan ngeunaan “Kamampuh Ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-2 SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajaran 2011/2012”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Pedaran ngeunaan kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 43 Bandung lega pisan. Ku kituna pedaran panalungtikan diwatesanan. Masalah anu baris dipedar ngawengku (1) kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina makéna basa lemes keur batur jeung keur sorangan, jeung (2) kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina makéna basa loma.

1.2.2 Rumusan Masalah

Pikeun ngungkulan masalah dina ieu panalungtikan, dumasar kana watesan masalah di luhur, rumusan masalah panalungtikan dipedar ngeunaan:

- a. Kumaha kamampuh siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 43 Bandung dina ngagunakeun undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi?
- b. Kasalahan naon waé anu kapanggih dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina surat pribadi siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 43 Bandung?
- c. Kumaha tingkat kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 43 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, dilaksanakeunna ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun mikanyaho ngeunaan kamampuh siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 43 Bandung dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina surat pribadi.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskrupsikeun:

- a. Kamampuh ngalarapkeun basa lemes keur batur dina surat pribadi siswa SMP Negeri 43 Bandung.
- b. Kamampuh ngalarapkeun basa lemes keur sorangan dina surat pribadi siswa SMP Negeri 43 Bandung.
- c. Kamampuh ngalarapkeun basa loma dina surat pribadi siswa SMP Negeri 43 Bandung.
- d. Kasalahan naon waé anu kapanggih dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda dina surat pribadi siswa SMP Negeri 43 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan mangpaat pikeun méré sumbangan dina kamekaran bahan ajar dina pangajaran kaparigelan nulis surat, hususna surat pribadi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan mangpaat pikeun:

- a. Dokuméntasi kamahéran basa Sunda nu dipaké dina surat.
- b. Bahan tinimbangan para guru dina nyusun sumber pangajaran basa Sunda.

1.5 Asumsi

Anu jadi asumsi pikeun ngalaksanakeun ieu panalungtikan nya éta pangajaran nulis surat pribadi kaasup kana salah sahiji matéri poko kamampuh kaparigelan basa. Pangajaran nulis surat pribadi basa Sunda bisa ngalatih siswa pikeun ngébréhkeun ide, gagasan, jeung pesen dina wangun tulisan nu mangrupa surat. Pentingna undak usuk basa dina komunikasi, boh sacara lisan boh sacara tinulis.

1.6 Raraga Nulis

BAB I dina ieu skripsi dijudulan Bubuka, anu ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, asumsi, jeung raraga nulis.

BAB II dina ieu skripsi dijudulan Undak Usuk Basa, Surat Pribadi, jeung Bahan Pangajaran. Eusi dina ieu bab ngawengku undak usuk basa, nulis, jeung surat. Dina sub bab undak usuk basa ngawengku wangenan undak usuk basa Sunda, kamekaran undak usuk basa Sunda, jeung wangun undak usuk basa Sunda. Dina sub bab nulis ngawengku wangenan nulis, fungsi nulis, tujuan nulis, jeung mangpaat nulis. Dina sub bab surat ngawengku wangenan surat, fungsi surat, warna surat, wangun surat, bagian-bagian surat, jeung surat pribadi.

BAB III dina ieu skripsi dijudulan Metodologi Panalungtikan, anu ngawengku populasi jeung sampel panalungtikan, prosedur panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan anu

ngawengku instrumén pangumpul data jeung instrumén ngolah data, jeung téhnik panalungtikan anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

BAB IV dina ieu skripsi dijudulan Analisis Kamampuh Ngalapkeun Undak Usuk Basa Sunda dina Surat Pribadi, anu ngawengku analisis ngalapkeun undak usuk basa Sunda tina unggal surat pribadi, analisis tingkat kamampuh ngalapkeun undak usuk basa Sunda dina surat pribadi, analisis ngalapkeun basa loma jeung basa lemes, boh keur batur boh keur sorangan.

BAB V dina ieu skripsi dijudulan Kacindekan jeung Rékomendasi. Kacindekan eusina mangrupa gambaran kamampuh siswa dina ngalapkeun undak usuk basa Sunda dina surat pribadi. Rékomendasi eusina mangrupa saran keur masarakat Sunda umumna, keur guru di sakola jeung keur kolot di imah hususna.

